АВЛОДЛАРГА ОЗОД ВА ОБОД ВАТАН ҚОЛДИРАЙЛИК!

«Инсон ва қонун» • КҮШ — ӘДИЛЛИКТЕ

Газета 1996—жыл 1-сентябрьден баслап шыға баслады

4 АПРЕЛЬ 1997 жыл
№12 (19)
ЖУМА
сатыўда еркин бахада

# АДАМ ХӘМ НЫЗАМ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҲУҚЫҚ ҚОРҒАЎ УЙЫМЛАРЫНЫҢ ЖӘМИЙЕТЛИК–ҲУҚЫҚЫЙ ГАЗЕТАСЫ

## СҮЙИКЛИ ГАЗЕТАМЫЗ

Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик университетиниң юридика факультетиниң жынаят ҳуқықы кафедрасы баслығы, доцент Жәмийла Ниязова менен гүрриңлескенде ол өз факультети ҳаққында мыналарды айтып берди.

Қарақалпақстан Республикасы ҳуқық қорғаў уйымларының жәмийетлик ҳуқықый газетасы «Адам ҳәм Нызам» бизиң факультетимиздиң студентлериниң сүйип оқыйтуғын газетасына айланбақта. Газетада басылған рәң-бәрең мақалалар, ҳуқық қорғаў уйымлары басшыларының мақалалары хабаршылардың сәўбетлесиўлери олар арасында үлкен қызығыўшылықлар пайда етпекте. Буның нәтийжесин факультетимиз бойынша 285 адамның «Адам ҳәм Нызам» газетасына жазылғанынан көриўге болады.

Газета факультетимиздиң оқытыўшыларына да көргизбели ҳәм жәрдемши қурал хызметин атқармақта. Оқытыўшылар өзлериниң лекцияларында газетада жәрияланған материаллардан мысаллар келтиреди. Республикамыз турмысынан алынған мысаллар студентлер ядында узақ сақланады, нәтийжеде билим тыянақлы болады. Әсиресе, бул мысаллар олардың теориялық билимлерин әмелий исте беккемлейди.

Газетаның еки тилде өзбек ҳәм қарақалпақ тиллеринде шығарылыўыўда қуўанышлы, деп сөзин даўам етти кафедра баслығы. Бул бизиң ҳуқық терминлерин ана тилимизге аўдарыўда жақыннан жәрдем бермекте. Ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлери ушырасқан айырым юридикалық терминлерди өз ана тилинде қолланыўға айрықша итибар бермекте. Бул жолда «Адам ҳәм Нызам» газетасы редакциясы пидәкерлик хызметлер атқармақта.

Жәмийетлик ҳуқықый газетаның еледе оқыўшылары көбейип оның ҳәр бир саны тәсирли шығатуғынына исенемиз. Мен университет студентлерин, улыўма жәмийетшиликти «Адам ҳәм Нызам» газетасының белсенди оқыўшылары болыўға шақыраман. Бизиң кафедрамыз газета редакциясын қоллап қуўатлап, оған жақыннан жәрдем бериўге бәрҳама таяр.

**Гүрриңлесиўди алып барған: Миясар ҚАБУЛОВА.**



Сүўретте: Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик университетиниң юридика факультетиниң жынаят ҳуқықы кафедрасы баслығы, доцент Жәмийла Ниязова студентлер менен «Адам ҳәм Нызам» газетасының жаңа санын көзден өткермекте. Сүўретте (оңнан солға қарай Тимур Арзыханов «1-а курс», Муҳаббат Мусаева, Гулшад Дошмуратованы көрип турыпсыз.

**Сүўретти түсирген: Парахат МАТЖАНОВ.**

## МАҚСЕТИМИЗ НЫЗАМЛЫЛЫҚТЫ ҚОРҒАЎ

Ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлериниң алдында турған бирден-бир мәселе нызамлардың орынларда туўры ҳәм биргеликли орынланыўын тәмийинлеў. Усы қатар нызамлар орынларда биргеликли орынланып атырма? Тилекке қарсы нызам талапларын түсинип-түсинбей бузыў жағдайлар көбейсе-көбейдиде, бирақ кемеймей атыр. Соның ишинде нызам талапларын бузыў жағдайлары әпиўайы жумысшылар емес, ал хызметкерлер тәрепинен бузыў жағдайлары басым көпшилигин қурайды. Мысалы: район прокуратурасының улыўма бақлаў тәртибинде тексериў жуўмақлары төмендегише нызам бузыўшылық жағдайларының анықлаў бойынша 1995 жыл 143 прокурорлық тәсир шаралар қолланылған болса, 1996 жыл 201 прокурорлық тәсир шаралар қолланылып жүз бериўи мүмкин болған жынаятлардың алды алынды. Нәтийжеде 1995 жыл 50 жынаят жүз берген болса 1996 жыл 40 жынаят жүз берди. Жынаятшылық динамикасын алсақ 10 мың халыққа 1995 жыл 200/1, 1996 жыл 250/1 адам жынаят ислеген. Буның менен мақтаныш етиўге тийкар жоқ, себеби жүз берген жынаят ушын жаза шарасын қолланыўы ең ақырғы зәрүрат болыўы керек. Ал, биз буған дейин жеткермей жынаятшылықтың алдын алыў менен бирге нызам талабын бузыўшылықты кескин кемейтиўге ерисиўимиз зәрүр. Буның ушын биринши гезекте район белсендилериниң арасында таза нызам талапларын үйрениў ислерин қолға алыўымыз лазым, — деп есаплайман. Себеби, нызам талабын бузыўшыларға жаза шарасын қолланыў бағытынан емес, ал нызамды алдын ала үйрениў жолы менен нызам талапларын бузыўдың алдын алыўымыз пайдалырақ болған болар еди деп есаплайман.

Соның менен бир қатарда нызамды билмей турып бузыўшыларға қарағанда, биле турып бузыўшылар жәмийетимиз ушын қәўиплирек болып есапланады. Ал бул тайпадағыларға қатаң нызам талабы қолланылыўы зәрүр деп есаплайман. Себеби, кейинги ўақытларда экономика тараўындағы жынаятлар ҳәўиж алмақта. Бирақ усы тараўда бул түрдеги жынаятларды анықлаў, ашыў анығын айтыўымыз керек, тийисли дәрежеде әмелге асырылмай атыр. Буның ушын өзимизден баслап ҳәр бир басшы ҳәм усы мәселеге тиккелей жуўапкер уйым хызметкерлер жетерли принципиаллық көрсетпе алмай атыр. Себеби хожалық, мәкеме басшылары өзлери нызам талапларын сақласа қараўындағы адамлардың нызам талабын бузыўына жол қоймайды деп есаплайман. Мысал ушын жақында пуқаралардың пайдаланған газ, суў, электр энергиясы ушын тийисли төлем төлеў нызамлылығы тексерилип шығылды. Нәтийжеде жай пуқараларға қарағанда басшы хызметкерлердиң пайдаланған газ, суў, электр энергияларына төлемлерин көп ўақыттан бери төлемей атырғанлығы анықланды. Ал төлемин төлемегени ушын жаза шарасын газ, электр линиялары қырқылыў жағдайы атап өтилген хызметкерлерди айланып өтип жәнеде әпиўайы пуқаралар шегине туўры келмекте. Соның менен бирге хуқықый тийкар жаратылған исбилерменшиликти раўажландырыў, меншиклестириў, фермерлик, контракция, шәртнамалар ҳаққындағы мийнет ҳақы, ҳәм тағы басқада нызамлар еле толық орынланбай атыр. Ал ҳәр қандай жақсы халық ийгилигине пайда келтиретуғын нызамда тийисли дәрежеде орынланбаса күни болмайтуғыны ҳәммеге мәлим.

Мысалы: Салық нызамларын бузғанлығы ушын яки кешиктирилгенлиги ушын нешше мың ҳәттеки миллион сумлап мәкеме, хожалықлар есабынан жәрийма, пенялар өндирилип алынбақта. Жуўмағында сол мәкеме яки хожалықтың тийисли жуўапкер адамының итибарсызлығы өз исине суўыққанлығы нәтийжесинде көрсетилген жәрийма, пеня, муғдарларына мәкеме я хожалық зыянда қалмақта. Яғный былайынша айтқанда «өлсе колхоздың малы» есабында болмақта. Ал бирде бир жағдайда сол зыянның келип шығыўына тиккелей айыпкер адамның хожалық пайдасына сол зыян регрес тәртибинде өндириў мәселеси ашық қалмақта.

Сарыалтын колхозы №20 бригада тракторшысы Көбейсин Айтжанов Жолдасбаевич 16 июнь 1996 жылы өзине бекитилген тракторда Хожели қаласынан базарлап қайтып киятырып «Бегжан-Сарыалтын» жолында артқы шеп дөңгелек ярым көшери сынып кетип тракторы аўдарылып қайтыс болған. Бул ҳәдийсе жумыс ўақтында болған. Сонлықтан мийнетти қорғаў инспекциялары кәсиплик аўқам тәрепинен тыйым ҳүжжет толтырып хызмет дәўириндеги бахытсыз ҳәдийсе деп табылған. Бул жигит техника қәўипсизлиги қәделерин өтпеген. Сонлықтан Өзбекстан Республикасы мийнет нызамының 194 статьясы талабы бойынша колхоз есабынан алты жыллық орташа айлығынан кем болмаған муғдарда бир мәрте берилетуғын напақа ҳәм қарамындағы болған 2-жас өспирим балалары (егер мийнетке жарамсыз адамы болса оған да өмириниң ақырына шекем) 16 жасқа толғанша (егер күндизги оқыў орнында оқып атырған болса оқыўды питкергенше) Өзбекстан Республикасы мийнет Кодексиниң 192 статьясы талабына тийкар бағыўшысынан айырылғанлық ҳаққындағы напақасы төлениўи лазым.

Усы аўҳалдан кейин райпрокуратура тәрепинен Сарыалтын М. Нурмухамедов инсан ҳуқуқларының сақланыўы, мийнетти қорғаў нызамларының орынланыўы бойынша Бескөпир колхозларында тексериў өткерилди. Сарыалтын колхозында бахытсыз ҳәдийсениң жуўмағы бойынша төлениўи тийис суммалары бағыўшысынан айырылғанларға 7 ай болып кетиўине қарамастан төленбеген. 3 хожалықта техника қәўипсизлик жумыслары жоқтың қасында ҳәттеки журналлары жоқ, айрым орынларда бирде адамға «ТК» бойынша инструктаж өткерилмегенлиги анықланды. Ал усы хожалықларда «Сарыалтын» хожалығындағы аўҳал болмайды деп кепиллик бере алады. Бахытсыз ҳәдийсе жуўмағында бир нешше есе зыят төленетуғын пул ресурсларын тежен кирип алдын ала мийнетти қорғаўға жумсаса ең қәдирли инсан өмири аман сақланыўы мүмкин ғой ақыры. Базар қатнасығы дәўиринде алдын ала ҳәр бир хожалық өзиниң экономикалық прогнозын ислеўи зәрүр деп ойлайман.

Келешекте дәўир талабы бойынша хуқықый демократиялық мәмлекет дүзиў баслы ўазыйпамыз екени атап өтилген улыўма нызам талапларын орынларда толық булжытпай орынлаўға ерисиўимиз керек.

1996 жыл район аймағында 40 ,1995 жыл 50 жынаят есапқа алынды. Улыўма жынаят саны кемейгени менен, аўыр жынаятлар саны 2 ге өсти. 1995 жыл болмаған адам өлтириўшилик жынаяты 1996 жылы жүз берди. Сондайақ жумыссызлар, спиртли ишимлик ишкен ҳалында жынаят ислеў алдын судланғанлар тәрепинен жынаят ислеў жағдайлар районымызда өсип кетти.

Бүгинги күнге район аймағында алдын судланған 98 адам есапта тур. Соннан 33 адам 1996 жылы жазасын өтеп ҳәм амнистия тийкарында босап келди. Соннан 7 адамға жәрдемге мүтәжлығы есапқа алынып Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 12 август 1996 жылғы № 168-б бийлигине тийкар район ҳәкимияты жанындағы социаллық жақтан билимлендириў орайы тәрепинен 6 ең кем мийнет ҳақы муғдарында пул ажыратылды. Алдын судланғанлардан 1 адамнан басқасы жумыс пенен тәмийинленбеген.

Бүгинги күнге қосымша жумыс орынларын шөлкемлестириў зәрүрлиги пайда болмақта. Себеби мийнет биржасында жумыссыз есабында дизимге алынғанлардың саны көбеймекте. Бул бүгинги күнниң баслы машқаласы болып қалмақта. Себеби жумыссыз адамда напақа болмайды. Ал тарыққан адам ҳәр қандай жынаятқа қол урыўға барады. Сонлықтан бул мәселени ҳәмме биргелесип шешиўимиз зәрүр. Сонда өз үйимизде, өз елимизде, тыныщлық, абаданлық болады деп ойлайман.

**М. АЛЛАМУРАТОВ.**
**Қанлыкөл район прокуроры**
**Юстиция киши кеңесшиси.**

# СЎРАНГ, ЖАВОБ БЕРАМИЗ

**Меҳнат низосини ҳал қилишни сўраб мурожаат этиш муддатлари қандай белгиланган?** Рахимова Г. (Нукус шаҳри). —Ўзбекистон Республикаси Меҳнат Кодексининг 270-моддасига асосан, судга ёки меҳнат низоларини комиссиясига мурожаат этиш учун қуйидаги муддатлар белгиланади:

ишга тиклаш низолари бўйича—ходимга у билан меҳнат шартномаси бекор қилинганлиги ҳақидаги буйруқнинг нусхаси берилган кундан бошлаб бир ой;

Ходим томонидан иш берувчига етказилган моддий зарарни тўлаш ҳақтидаги низолар бўйича-зарар етказилганлиги иш берувчига маълум бўлган кундан бошлаб бир йил;

бошқа меҳнат низолари бўйича—ходим ўз ҳуқуқи бузилганлигини билган ёки билиши лозим бўлган кундан бошлаб уч ой;

Ушбу моддада белгиланган муддатлар узрли сабабларга кўра ўтказиб юборилган тақдирда, бу муддатлар суд ёки меҳнат низолари комиссияси томонидан қайта тикланиши мумкин.

Ходимнинг соғлиғига етказилган зарарни қоплашга доир низолар бўйича судга мурожаат қилиш учун муддат белгиланмайди.

**— Солиқ тўловчиларнинг ҳуқуқлари тўғрисида маълумот берсангиз?**

Қасимов А. (Нукус шаҳри)

Солиқ тўловчилар қуйидаги ҳуқуқларга эгадирлар:

1) солиқ органларида солиққа тортиш масалалари бўйича ахборотлар ва маслаҳатлар олиш;

2) Ўзбекистон Республикаси Солиқ Кодексинда ва солиқларга доир бошқа қонун ҳужжатларида белгилаб берилган тартибда ва асосларда солиқ имтиёзларидан фойдаланиш, солиқлар, йиғимлар ва бошқа тўловлар бўйича имтиёзлар ҳуқуқини тасдиқловчи ҳужжатларни солиқ органларига тақдим этиш.

3) бюджетга ортиқча миқдорда тушган солиқлар, йиғимлар, бошқа тўловлар ва жарималарни қайтариш тўғрисида ёзма аризалар бериш;

4) солиқлар, йиғимлар ва бошқа тўловлар бўйича бюджет олдида турган ўз мажбуриятларини бажариш юзасидан солиқ органларида мавжуд бўлган маълумотлар билан танишиш;

5) солиқ органлари ўтказган текширув далолатномалари билан танишиш ва текширувлар натижаларидан норози бўлганда солиқ органига ўзининг ёзма эътирозини тақдим этиш, шунингдек сўзсиз ундириш муддатини узайтириш учун юқори солиқ органларига мурожаат қилиш;

6) солиқ органларининг қарорлари ва мансабдор шахсларнинг хатти-ҳаракатлари устидан юқори солиқ органларига ёки судга қонун ҳужжатларида белгиланган тартибда шикоят қилиш;

7) солиққа тортиш объектларини ҳисобга олишда, солиқлар-йиғимлар ва бюджетга бошқа тўловларни ҳисоблаб чиқариш ва тўлашда ўзлари йўл қўйган хатоларни мустақил тузатиш.

Текшириш ўтказилгунига қадар хатолар мустақил равишда тузатилган тақдирда солиқ тўловчи тегишли жавобгарликдан озод қилинади, пеня тўлаш бундан мустасно.

Солиқ тўловчилар Солиқ Кодексда ва бошқа қонун ҳужжатларида назарда тутилган бошқа ҳуқуқларга ҳам эгадирлар.

**— Ишончноманинг муддати қандай белгиланган ва қанақа ҳолларда ишончноманинг амал қилиши бекор бўлади?**

**Асанов К. (Тўрткўл тўмани).**

Ишончнома кўпи билан уч йил муддатга берилиши мумкин. Агар ишончномада муддат кўрсатилган бўлмаса, у берилган кундан бошлаб бир йил мобайнида ўз кучини сақлайди.

Берилган куни кўрсатилмаган ишончнома ҳақиқий эмас. Нотариус томонидан тасдиқланиб Ўзбекистон Республикасидан ташқарида ҳаракатларни амалга оширишга мўлжалланган, амал қилиш муддати кўрсатилмаган ишончнома уни берган шахс томонидан бекор килингунича ўз кучини сақлайди.

Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик Кодексининг 141-моддасига асосан, ишончноманинг амал қилиши қуйидаги ҳолларда бекор бўлади:

1) ишончнома муддатининг тамом бўлиши;

2- ишончнома берилган шахснинг уни бекор қилиши;

3) ишончнома берилган шахснинг бош тортиши;

4) номидан ишончнома берилган юридик шахс фаолиятининг тўхтатилиши;

5) номига ишончнома берилган юридик шахс фаолиятининг тўхтатилиши;

6) ишончнома берган фуқаронинг муомалага лаёқатсиз, муомала лаёқати чекланган ёки бедарак йўқолган деб ҳисобланиши, ёхуд унинг вафот этиши;

7) ишончнома олган фуқаронинг муомалага лаёқатсиз, муомалага лаёқати чекланган ёки бедарак ўқолган деб ҳисобланиши, ёхуд унинг вафот этиши.

Ишончнома берган шахс истаган вақтда ишончномани бекор қилиши, ишончнома берилган шахс эса—ундан воз кечиши мумкин. Бу ҳуқуқдан воз кечиш ҳақидаги битим ҳақиқий эмас.

Ишончноманинг амал қилиши бекор бўлиши билан уни бошқа шахсга ўтказиш ҳам ўз кучини йўқотади.

Жавобларни тайёрлаган

**Р. КУБЕЙСИНОВА.**

# ЭРОН ЖИНОЯТ КОДЕКСИ

Эрон Ислом Республикасига айланганидан кейин мамлакатнинг иқтисодий ижтимоий, маънавий ҳаётида исломий ақидаларга мос келадиган жуда кўп қонун-қоидалар ишлаб чиқилди ва ишлаб чиқилмоқда. Республика парламентининг қабул қилган жиноят кодекси ҳам мамлакатнинг истиқболи учун хизмат қилади.

Табиийки, бу янги жиноят кодекси ҳам шариат қоидалари асосида яратилган.

Дарҳақиқат, мамлакат ички ҳаётига, фаолиятига хавф солувчилар ва давлат раҳбарларига суиқасд қилувчилар олий жазо билан жазоландилар. Шунингдек, Эрон Ислом Республикасининг асосчиси имом Хумайний ишларига ва унинг давомчиларига нисбатан душманлик билан қаровчиларни ҳам ана шундай жазо қутади. Ислом Республикаси тартиботларига қарши тарғибот—ташвиқот ишлари билан шуғулланганлар эса уч ойдан бир йилгача озодликдан маҳрум қиланадилар.

Жамоат жойларида паранжи-чачвонсиз юрган аёлларга ҳар хил жазолар белгиланган. Улар 10 кундан икки ойгача қамалишлари ёки 74 дарра ейишлари мумкин. Фоҳишабозлик ёки пораҳурлик ишлари билан шуғулланувчи, бундай ишни ташкил этувчилар ҳам айбларин тан олсалар 74 дарра билан «сийланади»лар ва энг юқори миқдорда жарима тўлайдилар. Булардан ташқари, улар қамоқ жазосига ҳукм қилинишлари ҳам мумкин.

Собиқ хотинига алимент тўлашдан бош тортганлар эса бир ойдан беш ойгача қамоқ жазоси белгиланган.

Жиноят кодексида оила ҳуқуқлари, эр-хотин муносабатларига кенг ўрин берилган. Шариат қоидаларига кўра, хиёнат қилган эр-хотинлар, агар улар хиёнатлари камида ўчта гувоҳ иштироқида тасдиқланса, ўлим жазоси билан жазоланадилар. Улар тошбўрон қилинадилар. Алданган эр хотинини хиёнат устида қўлга туширса, рақибини ўлдириши мумкин. Бунинг учун у ҳеч қандай жазога тортилмайди. Лекин аёл эрини хиёнат устида ушласа бундай жазо белгиланмаган.

Эр ва хотин ўртасида оилавий хиёнатга олиб бормайдиган яширин муносабатлар содир этилса, улар 99 дарра билан жазоланадилар.

Мамлакатда спиртли ичимликларни четдан олиб келувчи, сақловчи, тайёрловчи ва истеъмол қилувчилар икки ойдан беш ойгача озодликдан маҳрум этиладилар. Жиноят кодексида ҳуқуқ—тартибот идоралари вакиллари, шунингдек, бошқа шахсларнинг ҳам фуқаролар уйларига бостириб кириши қатьиян тақиқланади. Қонунда қамоққа олиш ҳақидаги ҳужжатсиз бирор одамни қўлга олиш, ушлаш мумкин эмаслиги қайд этилган. Эронда гадойлик, тиланчилик қилиш эндиликда жинойи иш ҳисобланади ва бундай иш қилганлар бир йиллик қамоқ жазоси билан жазоланадиган бўлдилар.

Мамлакатда гиёҳвандлик моддаларини сотиш билан шуғулланадиганлар, қуролли босқинчилик уюштирганлар, қотиллар, ўғирлик қилганлар, аёлларини зўрлаб номусига тегадиганларга ҳам энг олий жазо белгиланган.

**ИТАР—ТАСС хабарларидан.**

## 1—АПРЕЛЬ ҲАЗИЛЛАРИ

— Судьянинг маслаҳати

Ёш нозанин қарияни судга берди:

— У менга уйланмаяпти.

— Нега?—сўради судья қариядан.

— Чунки,—деди мўйсафид, — мен саксонга кирганда у ўттизга чиқади. Кейин нима қиламан ахир!

— Нима қилардингиз, маслаҳат берди судья.—Яна ёшроғи топилиб қолар.

* * *

— Бир киши полицияга паспорт олиш учун келди.

Полициячи сўради:

— Туғилган жойингиз?

— Париж.

— Демак, французсиз?

— Йўқ, ота-онам немис.

— Аммо сиз Францияда туғилгансиз, бундан келиб чиқадики, французсиз!

— Менга қаранг! Яқинда менинг итим отхонада болалади.

Нима, шунинг учун унинг болаларини тойчақ дейишим керакми?

* * *

Бир врач мақтанди:

— Менинг устимдан шикоят қиладиган одам йўқ.

— Сенинг қўлингдан бирор киши тирик чиққан бўлса шикоят қилади-да, —дея жавоб беришди унга.

# Өрт қәўпинен сақланайық

Март айында оқыўшы жас өспирим балалардың 3-шереги тамамланыўы себепли дем алыс күнлери басланды. Соның ушын балаларды пайдалы ислер менен шуғыллландырыўымыз тийис ҳәм өрт қәўипсизлиги қәделерин және бир мәртебе түсиндириў бизлер ҳәм барлық ата-аналарымыздын ўазыйпасы.

Быйыл 1997-жылы қала аймағында 60 тан аслам өрт болды. Соның ишинде 30 дан асламы жылытыў котельлериниң морысының насазлығынан, газ үскенелерин жағып қалдырыў себеплеринен 10 нан аслам өрт болды, оннан басқа тандыр өртеў, оттан уқыпсыз пайдаланыў ҳәм ток тармақларының қысқа тутасыўынан және де балалардың от пенен ойнаўы себеплеринен өртлер пайда болмақта.

Усыған мысал ретинде Нөкис қаласы «Қызкеткен» поселкасы Октябрь көшеси №16 турақ жайда жасаўшы пуқара Орал Әметованың үйинде қараўсыз қалған кишкене баласы 1992-жылы туўылған Қайнар Қулжанов шырпы менен ойнап шкаф ишиндеги кийим-кеншеклерге от берген ҳәм өрттиң келип шығыўына себепши болған.

Буннан басқа пайтахтымыздағы Ерназар алакөз көшеси номери №97 жайда жасаўшы Оңғарбай Разбековтың мал қорасының дөгерегинде жас өспирим балалардың шырпы менен ойнап жүрип от бергенлиги себепли мал қораның 16 квадрат метр бастырмасы ҳәм мал отлары зәлелленди, нәтийжеде хожалыққа әдеўир зыян келди.

22-февраль күни 22 киши районда 9/6 үйиниң 24 ханасында жасаўшы пуқара Жеңисгүл Қоразбекованың асханасында кишкене қызы Гүлмийра Бердимбетова 1992-жылы туўылған, өз бетинше қалған жас өспирим шырпы менен ойнап көрпе төсеклерин өртеп алған, сол себепли бул семья әдеўир шығынға ушырады.

Жоқарыда айтып өткенимиздей көпшилик үй бийкелери балаларын өз бетинше қалдырып ямаса сыртынан қулпырып кеткени нәтийжесинде усындай жағдайдың гүўасы болып атырмыз.

Бул өртлердиң себепшиси жас өспиримлер, сол ушында олардың екинши ата-анасы муғаллим, мектепке шекемги бақша тәрбияшылары ҳәрдайым жас өспиримлер менен бирликте өрт олардың өмири ушын қәўипли екенлиги темасында тәрбия, үгит-нәсият жумысларын ҳәм сабақлар өткерип отырса жүдә орынлы болар еди.

Ҳүрметли ата-аналар! Бизиң келешегимиз болған жас өспирим балалардың өмирине зыян келтирмеў ушын өрт апатшылығының зыяның, пайда болыўына себепкер болыўшы жағдайларды түсиндириў менен бирге, балаларды қараўсыз қалдырып кетиў—бул өрттиң пайда болып, бахытсыз ҳәдийселер жүз беретуғынлығын ҳасла умытпайық!

**Б. БЕРДЕКЕЕВА**

**Нөкис қалалық 1-өз алдына әскерийлестирилген өрт өшириў бөлимшесиниң инспекторы ишки хызмет капитаны.**

«АДАМ ҲӘМ НЫЗАМ»

ШӨЛКЕМЛЕСТИРИУШИЛЕР; Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасы, Әдиллик Министрлиги ҳәм Ишки ислер Министрлиги

Газета А-3 форматында нусқасы 5350 577 буйыртпа менен басылды.

Бас редактор Роза КӨБЕЙСИН қызы.

Редакцияның жәмийетлик кеңесгөйлери:
Парахат АЙТНИЯЗОВ, Сейтназар ЕРЖАНОВ Батыр МАТМУРАТОВ, Халмурза МАМУТОВ, Фархад НИЗАМОВ, Азат НУРЖАНОВ, Жаңабай САДЫҚОВ, Жаңабай ШЫЛМАНОВ, Замира ШАМУРАТОВА, Ҳакимбай ҲАЛИМОВ.

Мәкан жайымыз;

Инд; 742000. Нөкис қаласы Ғәрезсизлик көшеси № 44 жай. телефон; редактор; 4—47—59.

Басыўға рухсат етилген ўақты 15. 00
Индекс 64624

Баспасөз бойынша Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты